

SS.7.C.3.7

Analyze enpak trèzyèm, katòzyèm, kenzyèm, diznevnyèm, vennkatriyèm, ak vennsizyèm Amanman yo nan patisipasyon gwoup minorite yo nan pwosès politik Ameriken an.

SS.7.C.3.7 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo pwal analize senaryo istorik yo pou ekzaminen kijan Amanman sa yo tap afekte patisipasyon nan pwosès politik yo.

Menm lè **kenzyèm Amanman** an te fin ratifye pou penmèt tout ras yo ka vote, kèk nan eta yo te pase plizyè lwa ki te fè sa vîn difisil pou ansyen esklav yo (Afriken-Ameriken yo) pou enskri pou vote. Tankou, Alabama rekòmande moun yo pou enskri nan biwo byen detèmine nan tribinal ki te ouvè sèlman de oubyen twa jou nan mwa a. Yo te konn met anpil polis ofisye souvan nan tribinal la nan jou enskripsyon yo pou te fè Afriken Ameriken yo pè pou yo pa enskri. Si Afriken-Ameriken yo te menm rive rantre nan pòt la pou enskri, lè sa a yo te rekòmande pou yo te reponn kòrèkteman tout 68 (*swasantwit*) kesyon yo nan yon **tès “konesans”** lan pandan ywit minit. Yo te penmèt plizyè blan ki te ka vote enskri pou vote menm lè ke yo pat pase ekzamen an, men Afriken-Ameriken yo te toujou pat ka enskri pou vote.

Nan Mississipi, Afriken-Ameriken yo ki tap eseye pou enskri pou vote yo, yo te poze yo kesyon ki pat gen repons tankou, "Konbyen boul ki genyen nan yon ba savon?" Oswa "Konbyen grenn ki genyen anndan yon melon?" Tipikman blan yo te pase e yo te pèmèt yo enskri, kèlkeswa sa yo ta bay kòm repons la. Afriken-Ameriken yo, pandan lè sa a te prèske pat janm gen pèmisyon pou enskri pou vote.

Pratik malonèt sa yo pèmèt eta yo fè reklamasyon ke yo reyèlman te swiv kenzyèm Amanman an. Lidè eta yo te di yo te pèmèt moun tout ras ki te byen anrejistre yo vote, menm si yo te fè pwosesis anrejistremman an prèske enposib pou Afriken-Ameriken yo. Yo menm tou yo itilize agiman an nan "**dwa eta yo**" ki vle di ke lidè eta yo kwè eta yo te kapab fè pwòp lwa yo pou eleksyon yo ak pwosès pou vote a, menm si yo te fè li enposib pou kèk moun enskri pou vote.

dwa Eta yo - pouwva a oubyen pwoblèm pou chak eta gen pou detèmine

kenzyèm Amandman - yon amandman nan Konstitisyon Etazini an ki fè sa vîn ilegal pou gouvènman federal ak eta a nye dwa yon moun genyen pou l vote poutèt nan ki ras li soti

tès konesans - a written test used to decide whether or not someone was eligible to register vote